

RAPÈL ENPÒTAN POU ELÈV KI SOUFRI AK PWOBLÈM SANTE



1

Konplete fòm Kat Enfòmasyon Elèv ak Kontak nan Ka Ijans odebi chak ane eskolè EPI lè gen chanjman

- Tyeke "Wi" pou bay konsantman ou pou resevwa swen ak tretman pou ti maladi ak blesi nan klinik lekòl la
- Tyeke tout eta sante/pwoblèm sante ou gen kounyea epi yon doktè oswa pwofesyonèl lasante te dyagnostike

2

Ranpli, siyen fòm Health Condition Review Form, sou sit www.browardschools.com/CSHS

- Fòm Revizyon Eta Sante sa ede lekòl la konprann eta sante pitit ou epi kisa kap nesèsè pandan jounen lekòl la

3

Pote nan lekòl pitit ou tout dokiman jistifikatif yon doktè oswa pwofesyonèl lasante ba-ou

- Dokiman aseptab: Fòm Otorizasyon Bay Medikaman (*Medication Authorization form*), Plan Medikal Jere Dyabèt (*Diabetes Medical Management Plan*), Fòm Ekzamen Sante Antre Lekòl (*School Entry Health Exam form*), **OSWA** sètifika, nòt/lèt sou papye antèt doktè oswa pwofesyonèl lasante, ak so, dat epi dyagnostik

4

Si pitit ou bezwen pran medikaman pandan li lekòl, mande doktè ou ranpli fòm Otorizasyon bay Medikaman oswa konplete Plan Medikal Jere Dyabèt/*Diabetes Medical Management Plan* sou sit www.browardschools.com/CSHS

- Pote tout fòm siyen, medikaman ak rezèv medikaman ou bezwen bay enfimiyè lekòl la oswa anplwaye ki deziye

5

Mande lekòl pitit ou pi bon lè ou ka depoze medikaman pitit ou ak/oswa pale ak yon anplwaye sou plan sante pitit ou



POU KESYON, TELEFONE NOU
754-321-1575